

Kòmansè Rekouvremant W Apre yon Inondasyon

Release Date: Oct 4, 2022

Recovering after a flood event takes time and can be overwhelming. FEMA's National Flood Insurance Program (NFIP) is dedicated to getting you back on your feet faster. Use the following information to file a claim, document damage, work with your adjuster, make repairs, and understand your claim payment.

Kòmansè Pwosesis Reklamasyon an

Lè li ansekirite pou retounen lakay ou, ou ta dwe rapòte pèt ou imedyatman bay ajan ou oswa konpayi asirans ou. Si ou pa sèten kijan pou kontakte ajan ou oswa konpayi asirans ou, rele FEMA Mapping ak Insurance eXchange (FMIX) nan 877-336-2627.

Lè w ap pale ak ajan w lan, genyen paj deklarasyon politik ou alamen. Yon ajistè asirans ta dwe kontakte w pou planifye yon enspeksyon an pèsòn oswa adistans nan kèk jou apre w fin rapòte reklamasyon w la. Si w pa tande yon ajistè asirans, ou ka kontakte ajan asirans ou oswa konpayi an ankò.

Prepare pou Enspeksyon an

Ajistè asirans ou an pral dokimante domaj pwopriyete pèsònèl, domaj estrikti, ak nivo dlo inondasyon pou prepare estimasyon reklamasyon w lan. Li kapab itil pou òganize enfòmasyon sa a chanm pa chanm. Sa gen ladan:

- Fè foto ak videyo andedan ak deyò pwopriyete w la, anvan ou jete okenn bagay
- Bay mak, modèl, ak nimewo seri gwo aparèy nan kay la tankou machin pou lave ak sechwa, aparèy chofaj dlo, aparèy kwizin, televizyon, ak òdinatè.
- Kolekte echantyon atik bilding (pa egzans, planche, kapèt, papye nan mi, ak rido) epi bay moun k ap fè ajisteman an.



FEMA

Page 1 of 5

Aprè w fin pran foto oswa videyo domaj la, imedyatman jete sa ki inonde ak founiti, tankou manje ki ka gate, rad, zòrye, elatriye, ki ta ka poze risk pou sante. Moun ki gen asirans NFIP yo responsab pou minimize kwasans ak pwopagasyon mwazi otank posib aprè yon inondasyon. **Règleman Asirans Inondasyon Estanda (SFIP) pa pral kouvri domaj mwazi lè yon moun ki pran asirans pa pran mezi rezonab sou kontwòl li pou anpeche kwasans ak pwopagasyon mwazi.** Pou aprann plis sou netwayaj inondasyon an sekirite epi efikas, vizite EPA.gov pou telechaje [Gid Pwopriyetè Kay ak Lokatè pou Netwayaj Mwazi Apre Katastwòf yo.](#)

Travay ak Ajistè Asirans ou

Lè ajistè asirans ou a rive, yo ta dwe montre w idantifikasyon ofisyèl yo (lisans chofè ak ID konpayi oswa Nimewo Kontwòl Inondasyon [kat FCN]). Yo ta dwe ba ou tou enfòmasyon sou kontak, tankou adrès imèl yo, nimewo telefòn yo, ak non konpayi ajisteman yo.

Ajistè asirans ou ta dwe:

- Reponn kesyon konsènan reklamasyon w la
- Diskite sou pwosesis reklamasyon NFIP pou inondasyon an
- Enspekte pwopriyete w la pou w evalye dimansyon domaj lè w pran mezi ak foto
- Eksplike kisa yon peman davans ye ak kijan ou ka resevwa youn
- Diskite sou politik asirans ou ak limit yo—an tèm de estrikti ou ak pwopriyete pèsonèl ou, oswa toulède
- Soumèt dokiman ki nesèsè pou pwouve pèt ou bay konpayi asirans ou a
- Konfime non enstitisyon ki gen ipotèk w la kounye a. Mande yon adrès lapòs ak nimewo telefòn aktyèl si w ap deplase.
- Diskite sou disponiblite Kouvèti Ogmantasyon Konfòmite [Ogmantasyon Pri Kouvèti Konfòmite](#) si w kalifye

Rapèl Enpòtan

Ajistè asirans inondasyon konpayi asirans ou an voye a p ap janm mande w lajan, pou kolekte montan franchiz ou a, oswa fè w peye yon frè pou sèvis yo.



FEMA

Ajistè w la ap ba w yon estimasyon reparasyon ki gen ladan domaj vizib yo te obsève nan moman premye enspeksyon an ki baze sou depans pou reparasyon nan zòn ou an. Revize avèk anpil atansyon estimasyon ou pou presizyon ak totalite. Anplis de sa, yo ka mande siyati w pou yon Prèv Pèt. Si w siyen yon Prèv Pèt, menm si w gen kesyon sou kantite lajan an, sa p ap anpeche w mande plis peman si sa nesesè. Si w pa dakò ak estimasyon an oswa si w jwenn plis domaj pita, kontakte konpayi asirans ou a oswa ajistè an.

Konpayi asirans inondasyon w lan angaje l pou l peye tout montan ou gen dwa pou resevwa dapre kontra asirans inondasyon w la. Asire w pou ou mande konpayi asirans ou an oswa ajistè w la sou politik ou a, sa li kouvri, ak nenpòt dat limit enpòtan ou bezwen respekte. Kenbe kopi tout dokiman ki gen rapò ak reklamasyon inondasyon w lan, tankou tout dokiman yo soumèt bay konpayi asirans ou a ak ajistè a. Lè w konsève resi yo, deklarasyon labank, ak bòdwo kontraktè yo, sa pral asire ou resevwa yon peman reklamasyon alè pou evènman inondasyon alavni paske w ap oblije pou dokimante domaj inondasyon anvan yo te repare.

Ofi-amezi w ap rekouvri, gen plizyè òganizasyon ak ajans diferan ki ka voye reprezantan lakay ou pou ede ak rekouvreman w lan. Kèlkeswa moun k ap frape pòt ou, toujou mande idantifikasyon ak objektif vizit la. Si w pa sèten oswa si w pa alèz ak nenpòt moun ou rankontre ki fè konnen se yon ofisyèl jesyon ijans oswa si w resevwa yon apèl ki sispèk, tanpri kontakte lapolis lokal yo ak liy dirèk pou fwod pou katastwòf la nan 866-720-5721. Pa bay enfòmasyon pèsònèl ou. Aprann plis sou reprezantan ki ka vizite yo lè w revize [Kiyès K ap Frape Pòt Ou](#)

Fè Reparasyon yo

Tcheke sistèm elektrik, dlo, sistèm HVAC ak estrikti bilding lan pou wè si gen domaj. Si sa nesesè, kontakte founisè sèvis yo. Asire w pou konsilte ajistè asirans ou oswa konpayi asirans ou anvan ou siyen nenpòt akò oswa kontra avèk yon kontraktè netwayaj, ratrapaj, oswa antretyen. Pou pwoteje investisman ou, lè w ap chwazi yon kontraktè asire w pou yo gen lisans, tit, ak asirans epi mande pou w wè prèv. Jwenn estimasyon alekri ansanm ak deskripsyon pwojè ak delè.

Fè rechèch sou règleman ak règ lokal yo pou prepare pou reyinyon ak kontraktè yo. Si w ap itilize yon kontraktè ki pa lokal nan zòn nan, sa enpòtan anpil sitou



paske yo gendwa pa konnen tout kondisyon pèmi yo ak règleman bilding pou kominote w la.

Otorite kominotè w la ka bay enfòmasyon itil tou sou kisa sa vle di si yo konsidere bilding ou an domaje anpil, bay konsèy sou fason pou pi byen pwoteje oswa repare kay ou lè w ap rekonstwi, epi eksplike kijan pou jwenn pèmi konstriksyon.

Konprann Peman Reklamasyon yo

Asirans inondasyon pwoteje lavi ou te bati lè yo konpare ak pri mwayèn yon inondasyon. Li ka pran kat a uit semèn anvan yo fini ak peye yon reklamasyon estanda. Yo pral fè chèk peman reklamasyon an ba oumenm ak/oswa konpayi ipotèk/bank ipotèk ou a, ki oblije siyati adisyonèl.

Si w resevwa yon lèt nan men konpayi asirans inondasyon w la ki refize tout oswa yon pati nan reklamasyon w lan, epi ou pa dakò ak refi a, ou gen plizyè opsyon. Nenpòt moun ki gen asirans ki gen asirans atravè NFIP FEMA a gen dwa fè apèl kont refi a bay ajans lan. Ou dwe soumèt apèl la nan lespas 60 jou apre dat lèt refi konpayi asirans lan alekri. Ou ka sèlman fè apèl kont sa konpayi asirans lan te refize nan lèt refi a. Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb [FloodSmart.gov/flood/appeal-your-claim-payment](https://www.floodsmart.gov/flood/appeal-your-claim-payment).

Kontak Enpòtan yo

Pou plis enfòmasyon sou pwosesis reklamasyon an, vizite [FloodSmart.gov/start](https://www.floodsmart.gov/start) oswa rele FEMA Mapping ak Insurance eXchange (FMIX) nan 877-336-2627. Ou gendwa vle anrejistre enfòmasyon kle sou kontak pou ajistè ou ak ajans asirans ou an anba a.

- Non ajistè:

- Nimewo telefòn ajistè:

- Imèl ajistè:

- Konpayi asirans:



FEMA

- Nimewo telefòn konpayi asirans:

-
- Imèl konpayi asirans:
-

Sonje byen, li ka pran tan pou ajistè w la ak konpayi asirans ou reponn kesyon yo epi trete reklamasyon w la. Tou depan de severite dezaz la, yo ka ap trete anpil reklamasyon nan zòn ou an. Konnen yo ap fè tout sa yo kapab pou asire ou resevwa tout sa ou gen dwa pou resevwa anba kontra asirans inondasyon ou.

Pou plis enfòmasyon sou asirans inondasyon NFIP, kontakte konpayi asirans ou oswa ajan ou, oswa rele 800-621-3362.

